# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 नवम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मु आजु प्रदेस के दौरा पर लखनऊ पहुंचलिनि। उहां के ब्रह्माकुमारी क दुइ हजार पचीस–छब्बीस के वार्षिक विषय– 'विश्व एकता और विश्वास के लिये ध्यान' कार्यक्रम के उदघाटन समारोह में हिस्सा लिहलीं। येह मौका पर अपने सम्बोधन में राष्ट्रपति कहलीं कि सरकार समाज के ढेरे समावेसी, सान्तिपूर्ण, स्वस्थ आ मूल्य आधारित बनावे बदे कई गो खास कदम उठा रहलि हो। योग अउर ध्यान के वैस्विक स्तर पर बढ़ावा दीहल आ अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस अभियान क अगुआई कइल अइसने पहल हवे। राष्ट्रपति कहलिनि कि भारत क प्रचीन सभयता हमेसा दुनिया के 'बसुधैव कुटुम्बकम' क सनेसा दिहले हवे।

***भारत की प्राचीन सभ्यता और संस्कृति ने सदैव विश्व को वसुधैव कुटम्बकम का संदेश दिया। अर्थात सम्पूर्ण विश्व हमारा परिवार है। आज जब विश्व कई चुनौतियों का सामना कर रहा है, तब ये विचार और अधिक प्रासंगिक बन गया है। इस महान संकट को सिद्ध करने के लिए इस अभियान का प्रभावी योगदान रहेगा। मैं इस अभियान के शुभारंभ के लिए ब्रह्मकुमारीज परिवार के सभी सदस्यों को बहुत–बहुत बधाई देती हूं।***

येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि अपने मन पर काबू रक्खल बहुते जरूरी बा आ हमनी के प्राचीन साहित्य आ रिवाजो में एकर चरचा बा।

कार्यक्रम में राष्ट्रपति पांच गो महिला आ पांच पुरुसन के ध्वज अउरी कलसा बंटलिनि। राष्ट्रपति लखनऊवे में भारत स्काउट्स एंड गाइड्स के हीरक जयंती के समापन समारोहो में सामिल भइलीं।

**********

प्रदेस सरकार फरिया दिहले हौ कि आधार कार्ड अब जनम प्रमाण पत्र चाहे जनमतिथि क प्रमाण के तौर पर मंजूर नाहीं कइल जाई। ई निरदेस राज्य क नियोजन विभाग की ओरि से जारी कइल गइल बा। विभाग क बिसेस सचिव अमित सिंह बंसल सज्जो विभागन के जनम से जुड़ल सत्यापन बदे आधार कार्ड मंजूर न कइले क निरदेस दिहले हवे। विभाग जोर दे के कहले हवे कि आधार कार्ड खास तौर पर एगो पहिचान आ पता क प्रमाण हवे, न कि जनम से जुड़ल जनकारी दरज करे वाला दस्तावेज।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह अत्तवार के आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में लोगिन के सम्बोधित करिहें। ई कार्यक्रम भिन्नहीं इग्यारह बजे प्रसारित होई। प्रधानमंत्री क लोकप्रिय कार्यक्रम मन की बात क ई एक सौ अट्ठाइसवीं कड़ी होई।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से कई क्षेत्रन में जीएसटी दर घटवले के बाद, बाइस सितम्बर के सुरू भइल जीएसटी बचत उत्सव से देस भर के लोगिन के फायदा हो रहल बा। एगो रिपोर्ट–

***नया जीएसटी सुधारन में स्टेसनरी के समानन पर टेक्स कम भइले से आम लोगिन के ढेरे राहति मिलल हौ। एकरे अलावा सरकार के येह फैसिला से सिक्षो के बढ़ावा मिलल हवे। येह सधारन से पेंसिल, शॉर्पनर, अभ्यास कापी, ग्राफ कापी, नक्सा आ चार्ट जइसन समान अब पुरहर तरीका से कर मुक्त बा हो गइल बा। ओहीं इरेजर पर लागे वाला पांच फीसदी टेक्स के हटा दीहल गइल हवे। आकाशवाणी दिल्ली से रोहन आ अक्षित कुमार वैद्यान के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

छप्पनवां भारतीय अंतर्राष्ट्रीय फिल्मोत्सव–इफ्फी आजु गोवा कै राजधानी पणजी में एगो भव्य समापन समारोह के साथे पूरा हो रहल हौ। हमरे संवाददाता बतवले हवें कि येह समारोह में गोवा क मुख्यमंत्री प्रमोद सावंत सूचना अउर प्रसारण सचिव, संजय जाजू आ समारोह क अध्यक्ष शेखर कपूर के सथहीं कई गो जानल–मानल लोगि सामिल हो रहल हवें।

**********

पूर्व मंत्री आ समाजवादी पारटी क नेता आजम खां के आपत्तिजनक टिप्पणी के एगो मामिला में रामपुर क एमपी–एमएलए कोर्ट आजु बरी कइ दिहलस। आजम खां पर पूर्व सांसद स्वर्गीय अमर सिंह के परिवार के खिलाफ एगो इंटरव्यू के दौरान आपत्तिजनक टिप्पणी कइले क आरोप रहल।

**********

मिर्जापुर जिला के कछवां थान्हा इलाका में आजु भिन्नहीं एगो बेकाबू कार से भइल हादसा में कार में बइठल दुइ जने के सथहीं कुलि चारि जने क मउति हो गइल। हमरे मिर्जापुर प्रतिनिधि बतवले हवें कि प्रयागराज से बनारस जा रहलि ई कार बेकाबू हो के सड़कि के किनारे दुइ लोगिन के ठोकर मारत एगो कंटेनर में घुसि गइलि। दुरघटना में सड़कि के किनारे खड़ा दुन्नो लोगिन क भी मउति हो गइल।

**********

प्रदेस में धीरे–धीरे ठंडी क असर बढ़े लागल बा। मौसम विभाग अगिला तीनि दिन के बाद प्रदेस के अधिकतम तापमान में करीब दुइ डिगिरी सेल्सियस के गिरावट क सम्भावना जतवले बा। न्यूनतम तापमान में अगिला दुइ दिन के दौरान दुइ डिगिरी सेल्सियस क बढ़ोत्तरी होई आ एकरे बाद दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस क गिरावट हो सके ला। विभाग के मोताबिक चारि दिसम्बर ले मौसम सुस्क रही। सथहीं येह दौरान भिन्नहीं के समय कहीं–कहीं हल्लुक से मध्यम कुहेसो क सम्भावना बा।

**********